

Umambo hwaMwari Chii? (Chikamu 1)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 8 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* uye riripowo pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ona kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti kudii, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



NEI VANHU VACHATONGA MUUMAMBO HWAMWARI VARI IVO VANONYATSOKODZERA KUITA BASA IRI?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Unofunga kuti vamwe vangati kudii?

Ko iwe unoti kudii?

Nei uchidaro?

2

TARISA UONE ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Jesu ndiMambo anopfuura mamwe madzimambo ose. (Ona chitsauko 8 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?* ndima 1-7.)

Verenga 1 Timoti 6:15, 16.

Mavhesi aya anoratidza sei kuti Jesu achaita zvinopfuura mamwe madzimambo ose?

Verenga Isaya 11:2-4.

Uprofita uhwu hwakaratidza kuti Jesu aizenge ari mambo akaita sei?



Jehovha akasarudza vanhu vakatendeka vanobva kwakasiyana-siyana kuti vazotonga naJesu

Jehovha akasarudza vanhu vanotinzwisisa kuti vave vatongi.

(Ona chitsauko 8 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?* ndima 8-10.)

Verenga Zvakazarurwa 5:10 uye 14:1, 4.

Mavhesi aya anoratidza kuti ndivanaani vachatonga naJesu?

Tinoziva sei kuti vaya vachatonga naJesu vanonyatsoziva matambudziko edu? (Zvingangokubatsira: Verengazve Zvakazarurwa 14:4b uye enzanisa na1 VaKorinde 6:9-11.)

Chii chinoita kuti uve nechokwadi chekuti Jesu nevanhu 144 000 vaachatonga navo vakanyatsokodzera kutonga muUmambo hwaMwari?

3

TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

MUMWE MUNHU AKATI . . .

Jesu akasofa kare kare. Haana zvaangandibatsira muupenyu hwangu.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI . . .

Ndizvo zvinogona kutaurwa nevanhu vakawanda. Asi ini handifungi kuti ndizvo nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwise nyaya yacho?

MUMWE MUNHU AKATI . . .

Kudenga kune ngirozi dzakawanda, saka hapana chikonzero chekuti vanhu 144 000 vachanotonga naJesu vatorwe kubva panyika.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI . . .

Ndizvozvo kuti kudenga kune ngirozi dzakawanda chaizvo. Asi ini ndinofunga kuti pane zvikonzero zvakanaka zvekuti Mwari asarudze vanhu vachatonga semadzimambo kubva panyika nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwise nyaya yacho?
